लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# दानिय्येल अउर रहस्य भरल सपना



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Jonathan Hay

अनुकूलित: Mary-Anne S.

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

राजा नबूकदनेस्सर एगो सपना देखले रहलन, अउर ई सपना उनके बहुत परेशान क दिहलस। परमेश्वर की शक्ति से, दानिय्येल राजा के उनकरी सपना क मतलब बतवलन।



दानिय्येल पहला काम ई कइलन कि हुबाहुब सपना क वर्णन कइलन। हे राजा, "आप एगो विशाल मूर्ती की एगो महान छवि के देखनी हँअ। ओकर छवि बहुत ही भब्य रहल!"



"मूर्ति क सिर सोना क बनल रहल," दानिय्येल बतावल जारी रखलन।



"ओकर सीना अउर हाँथ चांदी क बानल रहल।"



"उनकर पेट अउर जांघ पीतल क बनल रहल।"



"ओकर पैर लोहा क बनल रहल, ओकर पंजा,
आंशिक रूप से
माटी अउर
आंशिक रूप
से लोहा
क रहल।"



राजा खातिर प्रतिमा क वर्णन कइला की बाद, दानिय्येल उनके बाकी सपना के बतवलन।



दानिय्येल राजा के बतवलन,
"देखत देखत एगो पत्थर,
हाथ क इस्तेमाल कइले
बिना काट दिहल गइल।"



"उ पत्थर ए मूर्ति की गोड़ पर टकराइल जेवन लोहे अउर माटी से बनल रहे, अउर उ ओ के टुकड़ा टुकड़ा कर दिहलस।"



"फिर उ मूर्ती चकनाचूर होके धूर में बदल गइल अउर उड़ा दिहल गइल।" दानिय्येल थोड़ी देर की खातिर चुप होके फिर बोललन, "अउर उ पत्थर एगो विशाल पहाड़ में बदल गइल अउर पृथ्वी भर में फ़ैल गइल।"



राजा चकित रहलन। ई उहे सपना रहलन जेवना के राजा देखले रहलन! दानिय्येल के ई कइसे मालूम भईल? यहोवा परमेश्वर ए सपना के दानिय्येल के बतवले रहलन। फिर दानिय्येल राजा नबूकदनेस्सर के सपना क मतलब बतावल शुरू कइलन।



दानिय्येल राजा के बतवलन कि, "स्वर्ग क परमेश्वर आप के राज्य, शक्ति, सामर्थ अउर महिमा दिहलें"। "उ सोना क सिर आप हँइं।"



दानिय्येल राजा के बतवलन कि उनकर सोना जइसन साम्राज्य खतम हो जायी। मूर्ति में चांदी वाला भाग क मतलब ...



... एगो कमजोर राज्य उनकर जगह ले लेई। पीतल क मतलब एगो अउर राज्य भी होई। लोहा अउर माटी एगो अउर चउथा राज्य की बारे में दर्शात ह।



दानिय्येल राजा के अंतिम बात बतवलन,
"स्वर्ग क परमेश्वर
एगो अइसन राज्य क
स्थापना करीहन
जेवन कबो
नाश ना हो
पायी।"



राजा ई मान्यता दीहलन
कि खाली परमेश्वर ही
दानिय्येल के उनकरी
सपना के जनला
अउर समझला खातिर
ज्ञान दे सकत बानें।



नबूकदनेस्सर बहुत धन
से दानिय्येल के पुरस्कृत
कइलन अउर उनके
राज्य में एगो बहुत
ही महत्वपूर्ण आदमी
बना दिहलन।




राज्य 1, 2, अउर 3 आइल अउर चल गइल।
अब परमेश्वर क राज्य आ रहल बा, राज्य 4.


जब यीशु मसीह धरती पर राज करिहन।
अउर उ शीघ्र ही हो सकत बा!

# दानिय्येल अउर रहस्य भरल सपना

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

दानिय्येल 2

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16